

KOURI DÈYÈ laperèz

1

« Lanmou pafè a chase
(retire) laperèz. » 1 Jan 4:18

Bondye vrè ak vivan an se kreyatè ou. Li renmen w ak bon jan lanmou an. Lè w sonje gran lanmou sa ke Bondye gen pou ou an, ou pa bezwen pè.

2

« [...] lè m santi m pè, mwen
mete konfyans mwen nan ou
[Bondye]. » Sòm 56:4

Mete konfyans ou nan Bondye vle di kwè sa Li di w la sou Li menm nan Pawòl Li a epi apiye w sou pwomès li yo. Mande Bondye pou L ede w fè L konfyans lè w santi w pè.

3

« Wi, mwen menm, Senyè a,
Se mwen menm ki konnen sa
m gen nan tèt mwen pou nou.
[...] Mwen ta vle demen nou jwenn
sa n ap tann nan. » Jeremi 29:11

Bondye gen anpil bon plan pou lavi nou, menm si nou fè peche. Konsa, chak grenn moun sou latè fè anpil bagay ke Bondye konsidere ki pa bon. Li menm jan pou ou tou. Peche w yo separe w ak Bondye. Men Bondye te planifye depi nan kòmansman limanite pou l voye pitit gason Li Jezikris pou vin Sove lemonn.

Jezi bay san Li e Li mouri sou lakwa pou pote pinisyon ke nou merite pou peche nou yo. Li te pran pinisyon w yo! Li retounen vivan twazyèm jou an (1 Korentyen 15:3-4). Lè w kwè nan Jezi kòm sovè w, ou rantre nan fanmi Bondye a (Jan 1:12). Peche w yo padone, e ou posede kounye a yon avni ak esperans. Ou konnen yon jou, ou gen pou w viv ak Bondye nan syèl la nèt ale. Ou mèl rasire w de yon lavi ki pap janm fini. Ou ka genyen lespwa tou nan lavi sa, paske Bondye genyen anpil bon pwojè pou ou, isit la, sou latè. Ou pa bezwen enkyete w, ni ou pa bezwen pè.

Si w te kwè nan Jezi kòm Sovè w, Bondye genyen kèk pwomès pou ou. Pwomès sa yo se yo ki va ede nou « Kouri dèyè laperèz. »



4

[...] Bondye li menm di: « Non,
Mwen p ap janm vire do ba ou,
mwen p ap janm lage ou. »
Ebre 13:5b

Bondye pwomèt ou ke L ap toujou avèk ou! Non, ou pa janm poukont ou! Ou paka wè Li (menm jan ou paka wè viris la) men ou mèl sèten ke Bondye avèk ou, nenpòt kote ou ye.

5

« Se Bondye k ap vinn
ede mwen. Mwen pa
pè anyen. » Ebre 13:6

Ou ka toujou konte sou Bondye pou ede ou. Ou ka pale ak Li nan lapriye, tout lè, tout kote, sou tout bagay. Bondye deja konnen tout sa w ap viv, men Li vle pou w pale ak Li. Li tande w e L ap reponn priye w yo nan fason Li konnen kap bon pou ou.

Dènye a « Kouri dèyè laperèz la » di konsa Bondye bay pitit Li yo bon jan lapè (yon kè poze anndan lè bagay yo move pa deyò).



6

« Ou menm, Bondye, w ap ba
yo kè poze! Moun ki toujou
kenbe pwomès yo, wi, w ap
ba yo kè poze, paske yo mete
konfyans yo nan Ozu. » Ezayi 26:3

Toujou panse ak Bondye, de sa Li ye e sa Li fè pou ou. Pa bliye ke Li renmen w plis ke nenpòt ki moun nan lemonn. Panse ak pisans Li paske se Li menm ki kreye linivè epi ki fè l fonksyone. Li ka ede w nan nenpòt sityasyon! Raple w ke Bondye konnen tout bagay, menm sa yo ou pa konprann. Sitou, raple w ke nenpòt sa lòt moun yo ap fè, Bondye toujou gen kontwòl sityasyon an. Si ou pase tan w ap panse konsa sou Bondye, pwoblèm ou yo ap diminye epi Bondye ap ba ou bon jan lapè a!

**Sis fason pou « Kouri dèyè laperèz »
sa yo kapab ede w sispann pwopaje laperèz!**